Өзбекистан Республикасы
Халық билимлендириў министрлиги

Әжинияз атындағы
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

# 2016-жыл «Саламат ана ҳәм бала жылы»на бағышланған «Илим ҳәм тәлим-тәрбияның әҳмийетли мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий теориялық ҳәм әмелий конференция

# МАТЕРИАЛЛАРЫ

# 2016 йил «Соғлом она ва бола йили»га бағишланган «Фан ва таълим-тарбиянинг долзарб масалалари» мавзусидаги Республика илмий-назарий ва амалий анжуман

# МАТЕРИАЛЛАРИ

## I бөлим

Нөкис - 2016

xizmatlari uchun munosib insonlarni taqdirlashni nazarda tutganligini misol qilish mumkin.

**Foydalanilgan adabiyotlar:**

1. O'zbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi. Toshkent «O'zbekiston» nashriyot-matvaa ijodiy uyi 2014-yil 6-oktabr
2. Karimov I.A. Vatan ozodligi - oliy saodat. T.O'zbekiston, 1999.
3. Karimov I.A. O'zbekston XXI asr bo'sag'asida. T., O'zbekiston, 1999.
6. Parlament - jamiyat umrining oynasi. Prezident I.A.Karimovning O'z R Oliy Majlisining qonunshilik palatasining 2005-yil 27-yanvarda bo'lib o'tgan birinchi majlisidagi bayonati. «Xalq so'zi». 30-yanvar 2005-yil.

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA 1950-1970 JILLARDA AGRAR XOJALIQLARIN QA`LIPLESTIRIW HA`M RAWAJLANDIRIW MASHQALALARI

**B.A. Sag`ındikov, A.A. Shilmanov**
**NMPİ magistranti**

1950-1970 jıllarda Qaraqalpaqstan respublikası awıl xojalıg`ı tarawında O`zbekstannın` oblastlarınan bir qansha artta edi. Sonın` ishinde awıl xojalıg`ın jeterli da`rejede rawajlandırıwda aytarlıqtay kemshilikler, jetispewshilikler ko`zge taslanar edi. Tiykarınan awıl xojalıq texnikalarının` jetispewshiligi, mineral` to`ginlerdin` kemligi ha`m tuwrı paydalana almawı, a`dewir qıyınshılıqlarg`a duwshar boldı.

A`sirese texnika ma`selesi, kolxoz, sovxozlardın` materiallıq texnikalıq bazasın bekkemlew baslı wazıypalardın` biri edi. Usı wazıypalardı iske asırıwda O`zbekstan hu`kimeti awıl xojalıg`ının` mu`ta`jligin ta`miyinlew boyınsha birqansha ilajlar ko`rdi. Bul wazıypanı a`melge asırıwda ha`r bir kolxoz, sovxoz, rayonlarda paxtashılıqtın` zu`ra`a`tliligin asırıw, paxtashılıqtı texnika menen ta`miyinleniw, agrotexnikalıq islerin endiriw wazıypaları turdı.

Qaraqalpaqstannın` jer sharayatı, klimatı, irrigatsiyalıq meliorativlik jag`dayı, texnika menen ta`miyinleniwi awhalın esapqa alınbag`anlıg`ı sebepli 1951-1955 jılları respublika paxta tapsırıw jobasın orınlay almadı. 1955-jılı 207 mın` tonna paxta tapsırıw ornına 137 mın` tonna paxta tapsırdı.

Berilgen paxta planın orınlawda kolxozlardın` ornına iri sovxozlardı du`ziw rayonlardı da biriktiriw payda beriwi mu`mkin degen oy menen 1956-1963-jılları iri sovxoz ha`m rayonlardı du`ziw mapazı baslandı. Sonın` menen birge bir qatarda rayonlardı biriktirip iri rayonlardı du`ziw siyasatı a`melge asırıldı.

Qaraqalpaqstanda paxtashılıqtı, salıgershilikti ha`m basqa da awıl xojalıq tarawların rawajlandırıw ha`m mexanizaciya menen ta`miyinlew haqqındag`ı qararg`a baylanıslı 1950-jılı paxta egetug`ın jer maydanı 83,6 mın` ga bolsa, 1955-jılı 114,2 mın` ga, 1960-jılı 131,5 mın` ga jer ajıratıldı.

Bul jılları awıl xojalıg`ın texnika menen ta`miyinlewde bir qansha jaqsılandı: 1958-jılı 4100 traktor, 764 paxta teretug`ın mashina, 361 go`rek teretug`ın mashina, 461 go`rekten paxta shıg`aratug`ın mashina, 2005 traktorlar seyalkası, 3379 traktor kul`tivatorları, 1126 ju`k mashinaları ha`m avtocisternalar alındı, 13 da`n teriwshi kombayn alındı.

Solay etip egis maydanlarının` ko`beyiwi texnika menen ta`miyinlewdin` jaqsılanıwı ha`m diyqanlardın` pida`kerlik miyneti arqasında jıldan-jılg`a ma`mleketke paxta, salı tapsırıw artıp bardı. Na`tiyjede 1955-jılı 137,0 mın` tonna paxta, 1960-jılı 207,0 mın`, 1955-jılı 4,3 tonna salı, 1960-jılı 3,6 mın` tonna salı tapsırıldı.

Egislik jer maydanının` o`nimliligin asırıwda jerdin` izey suwların qashıratug`ın kollektor-drenajlardın` qurılısı ha`m jerdi u`nemli suwg`arıwda irrigaciyalıq qurılıslardın` da`rejesi u`lken a`hmiyetke iye. Paxtashılıqtın` rawajlanıwı ushın Qaraqalpaqstanda irrigaciyalıq jumıslardı a`melge asırıwda texnikalar menen ta`miyinlew boyınsha Qaraqalpaqstan mashina ekskovator stantsiyaları ashılıp, onda 65 ekskovator, 80 zemnasos, bul`dozer, greyder boldı ha`m 1955-jılı suw tarmaqlarının` 72,5 procenti tazalandı.

Ekonomikanın` rawajlanıwına Charjaw-Xojeli-Qon`ırat temir jolının` qurılıp pitiwi o`z ta`sirin tiygizdi. Sebebi, basqa o`ndirislerdin` ku`sheyiwi menen birge awıl xojalıq o`nimlerinin` artıwına kerekli texnikalardı tasıw, asfal`t jollardın` qurılıwı sol temir jollardın` pitiwine baylanıslı edi.

Mine usınday iri jumıslardın` isleniwi xalqımızdın` u`lken miynet islewi na`tiyjesinde ma`mleketke 1950-jılı 139 mın` tonna 1954-jılı 199 mın` tonna, 1958-jılı 193 mın` tonna paxta tapsırıldı. Avtonomiyalı respublikanın` hu`kimeti awıl xojalıq o`ndirisi o`nimlerin bunnan bılay da ko`beytiw wazıypaların sheshe otırıp, awıl xojalıg`ının` materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge u`lken dıqqat awdardı. 1966-jıldın` dawamında Qaraqalpaqstannın` sovxozları menen kolxozlarına ha`r qıylı markadag`ı 975 traktor, 300 paxta teriw mashinasın, 86 kombayn, 358 seyalka, 480 kul`tivator ha`m ko`plegen basqa da texnikalar satıw na`zerde tutıldı. Awıl xojalıq eginlerinin` zu`ra`a`tliligin arttırıw ushın 100 mın` tonnadan aslam mineral to`gin ha`m ko`plegen basqa da ximikatlar bo`lip shıg`arıldı. Respublikamız ta`repinen o`z waqtında qabıl etilgen ha`m konkret ila`jlardın` na`tiyjesinde kolxozlar menen sovxozlarg`a awıl xojalıg`ın rawajlandırıw ushın a`dewir jetilistirilgen traktorlar menen basqa da awıl xojalıq mashinaların jetkerip beriw ko`beytildi. Respublikanın` kolxozları menen sovxozlarına ken` ko`lemli paxta teriw, go`rek tazalaw, go`rek teriw mashinaları keldi. Ko`p maqsetlerge paydalanılatug`ın universal mashinalar payda boldı.

İlimiy-texnikalıq progress pa`tlerinin` tezletiliwi awıl xojalıq o`ndirisin intensivlestiriwge mu`mkinshilik tuwdırdı. O`ndiris arttı, atızlar menen fermalardın` zu`ra`a`tliligi o`sti. Usı tiykarda kolxozlar menen sovxozlardın` tabısları ko`beydi.

Respublikamız usı da`wirdin` ishinde awıl xojalıq o`ndirisin rawajlandırıw ha`m bekkemlewde aytarlıqtay tabıslarg`a eristi. İri qarjı bo`lip shıg`arıwdın` artıwı, planlastırıwdag`ı o`zgerisler menen kolxozlar menen sovxozlardın` materiallıq-texnikalıq bazalarının` bekkemleniwi, awıl xojalıg`ına bilimli, maman qa`nigeler tayarlaw jumıslarına jeterli a`hmiyet qaratıldı. Kadr tayarlaw, basqarıwdın` jaqsılanıwı ha`m kolxozlar menen sovxozlarg`a u`lken xojalıq erkinliginin` beriliwi avtonomiyalı respublika awıl xojalıg`ının` ekonomikasının` bunnan bılay da ko`teriliwin ta`miyin etti.

**Paydalanılg`an a`debiyatlar:**


1. Kamalov K. “El xızmetinde„. No`kis: Qaraqalpaqstan, 1995 j. 75-bet.
2. Seytimbetov M. K. “Narodnoe dvijenie v jeleznodorojnom stroitel`stve KKASSR„ Vestnik KKO AN RU. 1997 g. №3. 99-str.

## МАЗМУНЫ

## 1 СЕКЦИЯ
## СОЦИАЛ-ГУМАНИТАР ИЛИМЛЕР

**Пренов Б.Б.** Илим ҳәм тәлим-тәрбияда бирге ислесиў дәўир талабы… **3**

**Базарбаев Ж.** Глобалласыў ҳәм манаўий қәўип оның түрлери, гүресиў жоллары............................................................................................................ **6**

**Баўетдинов Р.А., Жумабаев П.П.** Миллий идеяны халық санасына сиңдириўде шаңарақ ҳәм мәҳәлләниң орны……………………………… **9**

**Илҳомов З.А.** Берунийнинг "Қадимги халқлардан қолган ёдгорликлар" асарида тарих фанининг назарий масалалари…………………………… **10**

**Базарбаев Р.Ж.** Источники по изучению кадровой политики советской власти в Каракалпакстане……………………………………………. **13**

**Есаназарова З.Б., А.Утемисова** IX-XII әсирлерде мәдениям раўажланыўындағы тарийхый жағдайлар………………………………………. **16**

**Kudyarova T.A., Avezmuratov N.** Qaraqalpaq gu'resinin' qa'liplesiwi ha'm rawajlaniwi tariyxinan……………………………………………… **18**

**Abidqoriyev A., Mirjalolova M.** Ishlab chiqarishdagi islohatlar- iqtisodiy o'sishning muhim omilidir……………………………………………… **20**

**Ametov A.Q.** Ata-anani hu'rmetlew a'debi……………………………… **22**

**Ametov A.Q.** Jaqsiliq ne? jamanliq ne?...................................................... **23**

**Аметов Т.А.** Некоторые вопросы изучения новейшей истории Каракалпакстана………………………………………………………… **24**

**Saparova G., Shuyinshiyev J.** Jamiyatning ma'naviy yuksalishida shaxsning o'rni va ahamiyati……………………………………………… **27**

**Erlepesova D.M., Tursinbaev D.S., Amanova A.G.** Globallashuv sharoyitida dunyodagi barqarorlikni ta'minlashda xalqaro tashkilotlarning o'rni va ahamiyati……………………………………………………………. **29**

**Jadigerova G.** Barkamol avlod tarbiyasida ma'naviy madaniyatning o'rni………………………………………………………………………….. **32**

**Kamalov O.** Diniy ekstremizm va terrorizmning barkamol avlod tarbiyasiga salbiy tasiri…………………………………………………………………… **33**

**Primbetov Q.** O'zbekistan g'a'rezsizligi ha'm hayallar ma'selesine diqqat **35**

**Primbetov Q., Rametullaeva M.** Jinayat protsessual huqiqinda ayiplaniwshi ha'm sudlaniwshinin' huqiqlarin qorg'aw ma'seleleri…………………………………………………………………… **37**

**Primbetov Q., Matyusupov R.** O'zgalar mulkini talon -taroj qilish bilan bog'liq jinyatlarning tushunchasi………………………………………… **38**

**Primbetov Q.** Xotin qizlarning konstitutsiyaviy huquqlari………………... **40**

**Sag`ındikov B.A., Shilmanov A.A.** Qaraqalpaqstan Respublikasinda 1950-1970 jillarda agrar xojaliqlarin qa`liplestiriw ha`m rawajlandiriw mashqalalari………………………………………………………………… **41**

**Yuldashev T.** Globallasiw da'wiri ha'm ta'lim-ta'rbiya protsessi………….. **43**

**Yusupova Y.** Orol muammosining tabiat va inson hayotiga ta'siri……….. **44**